

COVID-19: ÈSKE LI LÈ POU M FÈ TÈS?



Pou w sispann gaye COVID-19, anpil nan nou bezwen fè tès yon fwa nan yon ti tan -- menm si nou pa gen sentòm. Li pwoteje fanmi nou yo ak zanmi yo, e se yon bon fason pou n ede nan batay kont koronavirus la. Men, ki jan w ap fè konnen si ou ta dwe fè yon tès, e ki lè w dwe fè sa? Tcheke lis sa a -- si nenpòt nan pwèn sa yo se vrè pou ou, li lè pou w fè yon tès COVID-19.

Eske l lè pou w fè tès? Repons yo se WI si:

- Si ou gen sentòm COVID-19. sa gen ladan l tous, souf kout oswa difikilte pou respire, lafyèv oswa frison, doulè nan misk oswa nan kò, vomisman oswa dyare, ou vin pèdi gou bouch ou e ou pa pran sant
- Ou ka te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19. Fè tès 5-7 jou apre rankont la. Pran lòt prekosyon pandan 14 pwochen jou yo.
- Gen yon gwo epidemi nan kominote w la. Menm si epidemi an se nan yon lekòl, kolèj oswa prizon, moun ki travay la ka kwaze avèk

ou. Tcheke sit entènèt vil ou a ak eta a pou enfòmasyon sou tès gratis pou kwape epidemi an.

- Ou pa vaksinen e:
 - ou te ale nan yon gwo rasanbleman tankou yon maryaj, yon fèt, oswa yon manifestasyon, nan yon espas oswa yon espas ki deyò, epi ou pa t mete yon mask oswa kenbe distans fizik.
 - Ou te ale nan yon rasanbleman andedan kay la ak moun ki pa rete nan menm kay ak ou.

Fè tès 5-7 jou apre evènman an. Pran lòt prekosyon pandan 14 pwochen jou yo.

- ✔ Ou pa vaksinen epi w ap travay kòm yon moun ki nan travay premye sekou oswa nan yon endistri esansyèl, tankou makèt, biwo doktè ak famasi, e patwon w, vil la oswa eta a ofri tès pou moun ki san sentòm gratis. Ou ka vle fè tès omwen chak lòt semèn si sa posib.
- ✔ Ou pa vaksinen epi ou travay kole kole ak lòt moun deyò lakay ou, pa egzanp nan yon mezon retrèt, izin transfòmasyon manje, oswa nan yon konpayi ki fè amenajman jaden nan lakou, e patwon w, vil la oswa eta ofri tès gratis pou moun ki san sentòm. Ou ka vle fè tès omwen chak lòt semèn si sa posib.
- ✔ Ou pa vaksinen e ou chita andedan nan yon ba oswa restoran san yon mask e san ou pa kenbe yon distans fizik. Fè tès 5-7 jou apre evènman an. Pran lòt prekosyon pandan 14 pwochen jou yo.
- ✔ Ou pa vaksinen epi ou vwayaje nan yon avyon oswa ou te pran yon woulib machin plizyè jou epi ou pa t kapab distans ak mete yon mask pandan tout tan an (pa egzanp, paske avyon an plen chèz ki bò kote w oswa se te yon vwayaj long e ou te bezwen manje andedan ayewopò a, oswa kanpe nan yon otèl). Fè tès 5-7 jou apre vwayaj ou. Pran lòt prekosyon pandan 14 pwochen jou yo.
- ✔ Ou pa vaksinen epi ou ansent. Pale ak doktè w sou bon moman pou fè tès la.
- ✔ Ou pa vaksinen epi ou gen yon pwoblèm medikal kache tankou dyabèt, maladi kè oswa poumon, oswa yon sistèm iminitè fèb, epi ou te vizite yon anviwònman ki gen anpil risk tankou yon ba, yon rasanbleman oswa lekòl. Fè tès 5-7 jou apre vizit la. Pran lòt prekosyon pandan 14 pwochen jou yo.
- ✔ Ou pa vaksinen, ou gen plis pase 65 an epi ou te wè zanmi, travay deyò lakay ou, oswa ou te fè vwayaj nan sant komèsyal la oswa lòt kote nan kominote a. Fè tès 5-7 jou apre evènman an. Pran lòt prekosyon pandan 14 pwochen jou yo.